



2024 Rapò Anyèl sou **Kalite Dlo** **Potab**



IMMOKALEE
WATER & SEWER
DISTRICT

1020 Sanitation Road
Immokalee, FL 34142
(239) 658-3630
www.immokaleewatersewer.com

Ekselans nan Kalite ak Sèvis!!

N AP BAY DLO OU DEPANN DE LI A

Distri Dlo ak Egou Immokalee (IWSD) a te kreye atravè yon Lwa Lejislati Florid la nan dat 5 jiyè 1978, nan objektif pou bay sèvis dlo ak egou santral nan kominote Immokalee, yon zòn ki pa enkòpore nan Konte Collier Florid. Distri a opere epi kenbe izin ak sistèm dlo ak egou yo kòm yon

Distri Espesyal Endepandan Eta Florid epi li kouvri apeprè 172 kilomèt nan Lès Konte Collier. Anplwaye eksepsyonèl nou yo kontinye travay di chak jou—nan tout lè—pou founi dlo potab san entèripsyon. Malgre defi ki devan yo anpil, nou santi ke lè nou investi san rete nan sansibilizasyon ak edikasyon kliyan, nouvo teknoloji tretman, amelyorasyon sistèm, ak fòmasyon, rezilta a se pral dlo tiyo fyab ak bon kalite ke yo livre ba ou ak fanmi ou.

Rapò sa a, lalwa egzije a, bay done sou kalite dlo IWSD te founi pandan 2024. Nou akeyi opòtinite pou pataje enfòmasyon sa a avèk ou. Li enpòtan pou w konnen ki kote dlo nou an soti, ki sa li genyen ladan ak risk tretman dlo nou an fèt pou l anpeche. Nou fyè pou nou prezante rapò anyèl sou kalite dlo nou an ki kouvri peryòd ant 1 janvyè ak 31 desanm 2024.

MANM KONSÈY LA:

Joseph Brister, Prezidan
Anne Goodnight, Vis-Prezidan
Bonnie Keen, Sekretè
Robert Halman, Trezorye

Magda Ayala, Komisyonè
Vacant, Komisyonè
Vacant, Komisyonè

Sous Dlo IWSD

Kliyan Distri Dlo ak Egou Immokalee yo gen chans paske nou jwi yon rezèv dlo abondan nan sèz (16) pi dlo anba tè ki tire dlo nan akifè Enferyè Tamiami, kote Distri a gen pèmasyon pou retire 1.26 milya galon chak ane. Izin Tretman Dlo Carson Road lan, ki te konstwi odepà an 1975, tire dlo nan senk (5) pi ki gen apeprè 180-200 pye pwofondè epi trete kounye a apeprè 326.7 milyon galon dlo chak ane. Izin Tretman Dlo Ayewopò a, ki te konstwi odepà an 1985, trete kounye a apeprè 158.8 milyon galon dlo chak ane ki soti nan twa (3) pi 180 pye pwofondè ki sou plas. Twazyèm Izin Tretman Dlo nou an, JV Warden, tire dlo nan uit (8) pi ki gen apeprè 200 - 315 pye pwofondè epi trete kounye a apeprè 323.1 milyon galon dlo chak ane. Konbine, enstalasyon tretman nou yo kounye a bay apeprè 808.6 milyon galon dlo potab pwòp chak ane.



An 2024, Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid (DEP) te fè yon Evalyasyon Sous Dlo sou sistèm nou an, epi rechèch nan sous done yo pa montre okenn sous kontaminasyon potansyèl toupre pi dlo nou yo. Rezilta evalyasyon an disponib sou sitwèb Pwogram Evalyasyon ak Pwoteksyon Sous Dlo (SWAPP) DEP la nan <https://prodapps.dep.state.fl.us/swapp/>.

Pwosesis Tretman Dlo

Pwosesis tretman dlo nou an gen ladan yon seri etap. Toudabò, yo tire dlo natirèl apati sous dlo nou an epi ale nan yon ayeratè, ki pèmèt oksidasyon nan silfi idwojèn ak nivo fè ki prezan nan dlo a. Lè sa a, yo ajoute kloramin (klò ak amonyak) pou dezenfeksyon. Lè sa a, dlo a ale nan yon rezèvwa estokaj nan tè a kote yo retire sediman yo.

Kloramin yo ka ajoute ankò jan sa nesèsè kòm yon prekosyon kont nenpòt bakteri ki ka toujou prezan. Nou kontwole ak anpil atansyon kantite kloramin, ajoute kantite ki pi ba ki nesèsè pou pwoteje sekirite dlo ou san konpwomèt gou a. Finalman, yo ajoute fliyò (itilize pou anpeche dan gate).

Patisipasyon ak Enterè Kominote a



Nou vle pou kliyan presye nou yo rete enfòm sou sèvis piblik dlo yo. Si ou vle aprann plis, ale nan nenpòt nan reyinyon nou yo ki pwograme regilyèman. Konsèy Komisè nou an reyini 3yèm mèkredi chak mwa apati 3:30 p.m. nan 1020 Sanitation Road, Immokalee, FL 34142 epi opinyon piblik la byenvini. Pou plis enfòmasyon sou rapò sa a, oswa pou nenpòt kesyon ki gen rapò ak dlo potab ou, rele James Jean-Louis, Sipèvizè Izin Tretman Dlo, nan (239) 658-3630.

IWSD siveye kontaminen nan dlo w ap bwè regilyèman dapre lwa, règ ak règleman Federal ak Eta. Eksepte kote ki endike otreman, rapò sa a baze sou rezilta odit nou an pou peryòd 1ye janvyè rive 31 desanm 2024. Yo te jwenn done yo apre 1ye janvyè 2024 epi yo prezante nan rapò sa a nan tèl ki pi resan yo. fè dapre lwa, règ ak règleman yo.

Tèm ak Abreviyasyon

Nan tablo ki anba a, ou ka jwenn tèm ak abreviyasyon enkoni yo. Pou ede w pi byen konprann tèm sa yo, nou te bay definisyon sa yo:

Nivo Kontaminan Maksimòm oswa MCL: Nivo ki pi wo nan yon kontaminan ki otorize nan dlo potab. MCL yo fikse pi pre MCLG yo jan sa posib nan sèvi avèk pi bon teknoloji tretman ki disponib.

Objektif Nivo Kontaminan Maksimòm oswa MCLG: Nivo yon kontaminan nan dlo potab kote anba li pa gen okenn risk yo konnen oswa yo prevwa pou sante. MCLG yo pèmèt yon maj sekirite.

Yon Eksplikasyon - MCL y yo mete nan nivo trè strik. Pou konprann efè sante posib ki dekri nan anpil kontaminan ki règleman, yon moun ta dwe bwè omwen de (2) lit dlo chak jou nan MCL pou tout lavi pou gen yon chans sou yon milyon pou gen efè sante ki dekri a.

Nivo Aksyon (AL): Konsantrasyon yon kontaminan ki, si li depase, deklanche tretman oswa lòt kondisyon ke yon sistèm dlo dwe swiv.

Nivo Dezenfektan Rezidyèl maksimòm oswa MRDL: Nivo ki pi wo yon dezenfektan ki otorize nan dlo potab. Gen prèv konvenkan ke adisyon dezenfektan nesèsè pou kontwole kontaminan mikwòb yo.

Objektif Nivo Kontaminan Rezidyèl Maksimòm oswa MRDLG: Nivo yon dezenfektan nan dlo potab kote anba nivo li pa gen okenn risk yo konnen oswa yo prevwa pou sante. MRDLG yo pa reflète avantaj ki genyen nan itilizasyon dezenfektan pou kontwole kontaminan mikwòb yo.

Pati Pou Chak Milyon (ppm) oswa Miligram Pou Chak Lit (mg/l): Yon pati nan pwa analit pou 1 milyon pati nan pwa echantyon dlo a (Yon pati pou chak milyon se ekivalan yon santim nan \$10,000).

Pati Pou Chak Milya (ppb) oswa Mikwogram Pou Chak Lit (ug/l): Yon pati nan pwa analit pou 1 milya pati nan pwa echantyon dlo a (Yon pati pou chak milya se ekivalan yon santim nan \$10,000,000).

Pikokiri Pou Chak Lit (pCi/L): Mezi radyo-aktivite nan dlo.

Teknik Tretman (TT): Yon pwosesis obligatwa ki fèt pou redui nivo yon kontaminan nan dlo potab.

Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (EPA) egzije kontwòl plis pase 80 kontaminan dlo potab. Kontaminan sa yo ki endike nan tablo anba a se sèl kontaminan ki detekte nan dlo potab ou.

Rezilta Tès Kalite Dlo

Kontaminan Mikwobyolojik

An 2024, yo pa detekte pa gen okenn kontaminan mikwobyolojik.

NIVO 1 Dezenfektan ak Sou-pwodui Dezenfektan

Dezenfektan oswa Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL W/N	Nivo Mwayèn Detekte	Gam rezilta yo	MCLG oswa MRDLG	MCL oswa MRDL	Sous Kontaminasyon Posib
Klorin ak Kloramin (ppm)	Chak mwa 2024	N	2.1	0.8 - 3.4	MRDLG = 4	MRDL = 4.0	Aditif nan dlo ki itilize pou kontwòle mikwòb

NIVO 2 Dezenfektan ak Sou-pwodui Dezenfektan

Dezenfektan oswa Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL W/N	Nivo Mwayèn Detekte	Rezilta pa Dat la	MCLG oswa MRDLG	MCL oswa MRDL	Sous Kontaminasyon Posib
Asid Aloasetik (HAA5) (ppb)	06/24 09/24	N	14.6	19.4 9.8	P/A	60	Sou-pwodui dezenfeksyon dlo potab
Trialometàn (TTHM) (ppb)	06/24 09/24	N	13.35	18.1 8.6	P/A	80	Sou-pwodui dezenfeksyon dlo potab

Kontaminan ki Pa Òganik¹

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL W/N	Nivo Detekte	Gam rezilta yo	MCLG oswa MRDLG	MCL oswa MRDL	Sous Kontaminasyon Posib
Baryòm (ppm)	04/23	N	0.017	0.0015 - 0.023	2	2	Dechaj dechè foraj; dechaj rafinri metal; ewozyon depo natirèl
Fliyò (ppm)	2003	N	0.35	0.260 - 0.530	4	4	Ewozyon depo natirèl; dechaj izin angrè ak faktori aliminyòm. Aditif dlo ki ankouraje dan solid lè li nan nivo maksimòm ant 0.7 ak 1.3 ppm.
Plon (pwen antre anvan distribisyon) (ppb)	04/23	N	0.0004400	0.00022 - 0.00044	0	0.015	Rès polisyon moun lakòz tankou emisyon otomobil ak penti; tiyo plon, bwatye ak soudi
Nitrat (tankou Azòt) (ppm)	05/24	N	0.06	0.01 - 0.06	10	10	Devèsman apati itilizasyon angrè; lesivaj fòs septik, egou; ewozyon depo natirèl
Sodyòm (ppm)	04/23	N	21.5	13.3 - 34.2	N/A	160	Entrizyon dlo sale, lesivaj nan tè a

¹ Echantiyon obligatwa chak twa ane sof pou Nitrat+Nitrit (Azòt), ki obligatwa chak ane.

Kontaminan Òganik Volatil

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL W/N	Nivo Detekte	Gam rezilta yo	MCLG oswa MRDLG	MCL oswa MRDL	Sous Kontaminasyon Posib
1,2-Diklowopopàn (ppb)	05/24	N	0.48	P/A	0	5	Devèsman faktori chimik endistriyèl yo

Kontaminan òganik sentetik ki gen ladan pestisid ak èbisid

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL - W/N	Nivo yo detekte	Gam rezilta yo	MCLG	MCL	Sous Kontaminasyon Posib
Dalapon (ppb)	Chak trimès 2024	N	0.49	0 - 0.49	200	200	Devèsman ki sot nan èbisid yo itilize dwa pasaj

Distri a te kontinye pran echantiyon pou Dalapon chak trimès nan ane 2024 la epi rezilta yo pa detektab. Distri a te kalifye pou rediksyon nan siveyans pou ane 2025 lan kote y ap pran echantiyon chak ane. Nou pral kontinye travay deprè ak FDEP la sou orè sa a jiskaske nou retounen nan peryòd konfòmite pou echantiyon an chak twa (3) zan.

Plon ak Kwiv (Dlo Tiyo)****2

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	AL Depase (W/N)	90yèm Rezilta Pèsantil	Gam rezilta yo	MCLG	AL (Nivo Aksyon)	Sous Kontaminasyon Posib
Kwiv (dlo tiyo) (ppm)	07/23	N	0.32	0.0047 - 0.44	0	1.3	Kowozyon nan sistèm plonbri kay; ewozyon depo natirèl; lesivaj nan pwodui prezèvasyon bwa
Plon (dlo tiyo) (ppb)	07/23	N	0.97	0.22 - 1.7	0	15	Kowozyon nan sistèm plonbri kay; ewozyon depo natirèl

P*** Plon - Si genyen, nivo elve plon ka lakòz pwoblèm sante grav, espesyalman pou fanm ansent ak jèn timoun. Plon nan dlo potab se sitou nan materyèl ak konpozan ki asosye avèk liy sèvis ak plonbri nan kay. Nou responsab pou bay bon jan kalite dlo potab, men nou pa ka kontwòle varyete materyèl yo itilize nan konpozan plonbri. Lè dlo ou te rete poze pandan plizyè èditan, ou ka minimize potansyèl pou ekspozisyon nan plon lè w vide tiyo w pandan 30 segonn jiska 2 minit anvan w sèvi ak dlo pou bwè oswa pou kwit manje. Si w gen enkyetid sou plon nan dlo w, ou ka vle fè tès nan dlo w la. Enfòmasyon sou plon nan dlo potab, metòd tès ak etap ou ka pran pou minimize ekspozisyon disponib nan Liy Dirèk Dlo Potab Sekirite nan (800) 426-4791 oswa nan www.epa.gov/safewater/lead.

²Echantiyon pou plon ak kwiv obligatwa chak twa (3) ane

Nan ane 1986 Kongrè a te modifiye Lwa sou Dlo Potab ki an Sekirite (*Safe Drinking Water Act*), ki entèdi itilizasyon tiyo ki pa t "san plon" nan sistèm dlo piblik yo oswa nan materyèl plonbri k ap distribye dlo pou moun bwè. Ansuit an 1991, Ajans pou Pwoteksyon Anviwonman an (EPA) te adopte yon règleman nan tout peyi a pou pwoteje sante piblik epi redui ekspozisyon ak plon ak kuiv nan dlo potab yo rele Règ sou Plon ak Kuiv (*Lead and Copper Rule, LCR*). An 2024, EPA ap mete an aplikasyon 'Revizyon sou Règ Plon ak Kuiv' (*Lead and Copper Rule Revision, LCRR*), ki vize pou pwoteje timoun yo ak kominote yo piplis toujou lè l egzije pou yo retire tout tiyo ki ka gen plon ki fè livrezon sèvis dlo nan tout peyi a. Plon ka rantre nan dlo potab lè materyèl plonbri yo ki genyen plon wonje, espesyalman kote dlo a genyen kontni asidite ki wo oswa kontni mineral ki ba ki wonje tiyo yo ak aparèy yo. Sous plon ki pi komen nan dlo potab se tiyo, wobinèt, ak aparèy yo. Nan kay ki gen tiyo plon ki konekte kay la nan kondui prensipal la, yo rele sa tou liy sèvis plon, kapab yon sous konsiderab plon nan dlo a. Gen plis chans pou jwenn tiyo ki gen plon nan estrikti ak kay ki pi ansyen yo ki te bati anvan 1986, lè Kongrè a te modifiye Lwa sou Dlo Potab ki an Sekirite pou entèdi itilizasyon tiyo ki gen plon nan tout peyi a.

Envantè Liy Sèvis

Nan kad nouvo LCRR la, Distri a ap fè yon envantè nan tout sistèm nan pou tout liy sèvis yo - ikonpri sa yo ki sou bò kontè pwopriyete kay la - kòm repons ak nouvo règleman EPA a apati 16 oktòb 2024. Souvan liy sèvis yo antere nan lakou oswa nan devan estrikti a epi yo sèvi kòm koneksyon ant kontè dlo a ak kay la. Pòsyon liy sèvis la ant kondui prensipal la ak. bwat kontè a se pou Distri a epi li se li ki mentni l, alòske rès liy sèvis la ki ant bwat kontè a ak bilding nan se pou kay la, biznis lan oswa mè pwopriyete a li ye. Sizoka yo ta detekte plon sou bò mè pwopriyete a, yo pral fè yo konn sa, epi y ap ba yo kèk sijesyon sou sa yo dwe fè apres. Mèt pwopriyete yo responsab pou tyeke, mentni, epi/oswa ranplase tout enstalasyon plonbri anndan kay la oswa bilding nan. Vizite <https://www.immokaleewatersewer.com/resources/lead-and-copper-program> pou jwenn aksè nan Lis Envantè Liy Sèvis.



Kontaminan

Sous dlo potab (dlo tiyo ak dlo nan boutèy) sa gen ladan rivyè, lak, kouran dlo, etan, rezèvwà, sous ak pi. Pandan dlo a ap travèse sou sifas tè a oswa atravè tè a, li fonn mineral ki pwodui natirèlman ak, nan kèk ka, materyèl radyo-aktif, epi li ka ranmase sibstans ki soti nan prezans bèt oswa nan aktivite moun.

Kontaminan ki ka prezans nan sous dlo yo enkli:

Kontaminan mikwòb, tankou viris ak bakteri, ki ka soti nan izin tretman egou, fòs septik, operasyon betay agrikòl ak bèt sovaj.

Kontaminan ki pa òganik, tankou sèl ak metal, ki ka rive natirèlman oswa ki soti nan devèsman dlo lapli iben, dechaj dlo ize endistriyèl oswa nan kay, lwil ak pwodiksyon gaz, min oswa fèm.

Pestisid ak èbisid, ki ka soti nan yon seri sous tankou agrikilti, devèsman dlo lapli ak itilizasyon nan kay.

Kontaminan chimik òganik, sa gen ladan pwodiksyon chimik òganik sentetik ak volatil, ki se sou pwodui pwosesis endistriyèl ak pwodiksyon petwòl, epi kapab soti nan ponp gazolin, devèsman dlo lapli iben ak fòs septik.

Kontaminan radyo-aktif, ki ka rive natirèlman oswa ki soti nan pwodiksyon lwil ak gaz ak aktivite min yo.

Sibstans per- ak polifliyowoalkil (PFAS pou per-and polyfluoroalkyl substances), se sibstans atifisyèl ki gen ladan yo dè milye sibstans chimik PFAS, epi ou jwenn yo nan plizyè diferan kalite pwodui konsomatè, komèsyal ak endistriyèl. Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman an (EPA pou Environmental Protection Agency) ansanm ak patnè l yo nan zafè dlo ap travay di pou reponn a kesyon kritik konsènan sibstans PFAS.

Pandan plizyè dizèn ane, plizyè konpayi te fabrike pwodui chimik ki rele sibstans pèfliyowoalkil ak polifliyowoalkil (per- and polyfluoroalkyl substances (PFAS), ikonpri PFOA ak PFOS, yo te itilize pou fabrike vezo istansil kizin antiadezif, vètman idwofij, fabrik ak tapi ki reziste ak tach, kèk pwodui kosmetik, kèk moun pou konbat dife, ak pwodui ki reziste ak grès, dlo ak luil.

Konpayi sa yo te konnen depi omwen nan ane 1960 yo konsa PFOA ak PFOS pèsistan nan anviwònman an, yo byoamplifye epi byoakimile, epi yo reprezante risk pou sante moun. Malgre sa, yo te kontinye delibereman fabrike, komèsyalize epi vann pwodui chimik sa yo san yo pa fè piblik la ak regilatè gouvènman an konnen danje yo reprezante pou sante moun ak pou anviwònman an.

Daprè EPA a, rechèch syantifik sijere ekspozisyon a kèk nivo PFAS, ikonpri PFOS ak PFOA, ka lakoz rezilta advès pou sante moun, nan mezi yo poko konnen jiska prezans. Etid yo te montre genyen yon lyen pwobab ant ekspozisyon ak kèk PFAS ak pwoblèm sante, tankou kolektewòl ki wo, kansè nan ren, maladi tiwoyid, kansè nan testikil, kolit ilsè, ak tansyon wo ak preeklanpsi pandan gwosès.



An 2023, Distri a te vin okouran de kontaminan ki pa reglemante nan sous dlo souteren l yo grasa senkyèm règ pou siveyans kontaminan ki pa reglemante a (Fifth Unregulated Contaminant Monitoring Rule, UCMR-5).

UCMR-5 mande pou kolekte echantiyon pou 30 kontaminan chimik akòmanse an 2023 lè l sèvi ak metòd analitik EPA a te devlope ak òganizasyon konsansis yo. Aksyon sa a bay ajans lan ansanm ak lòt pati ki enterese done syantifik ki valab sou ensidans nasyonal kontaminan sa yo genyen nan dlo potab.

Distri a te anboche avoka pou fè pwosè kont plizyè defandè, ikonpri konpayi 3M, Chemours ak DuPont, pou wòl konpayi sa yo jwe nan kontamine sous dlo Distri a. Pwosè a chèche pou konpanse Distri a pou domaj li sibi ak frè ki gen rapò ak kontaminasyon PFAS nan sistèm dlo souteren l lan, ikonpri pou investigasyon, siveyans, tretman, tès, restorasyon, anlèvman ak eliminasyon kontaminasyon PFAS.

Distri a te fè kontra ak Kimley-Horn fè plan pou amelyorasyon nan estasyon pou tretman dlo nou yo pou retire epi jete kontaminasyon PFAS. Distri a pral sèvi ak nenpòt fon règleman pwosè pou konpanse frè pou plan ak konstriksyon an.



Kontaminan ki pa reglemante

Kontaminan ak Inite Mezi	Dat Echantiyon (mwa/ane)	Vyolasyon MCL oswa MRDL -W/N	Nivo yo Detekte	Gam rezilta yo	MCL oswa MRDL	Sous Kontaminasyon Posib
Asid pèfliyowobitansilfonik 1 (PFBS)	08/23	N	0.0017	0.001 - 0.0017	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.
Asid pèfliyowotetradekanoyid (PFDoA)	08/23	N	0.001	0.001	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.
Asid pèfliyowoegzanoyik (PFHxA)	08/23	N	0.001	0.001	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.
Asid pèfliyowotetradekanoyid (PFTA)	08/23	N	0.0027	0.0027	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.
Asid pèfliyowotetradekanoyid (PFTrDA)	08/23	N	0.0023	0.0023	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.
Asid pèfliyowotetradekanoyid (PFUnA)	08/23	N	0.0007	0.0007	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.
PFOS	08/23	N	0.0013	0.0013	P/A	Dechaj ak emisyon ki sot ki sot nan sous endistriyèl ak fabrikasyon ki asosye ak pwodiksyon oswa itilizasyon PFAS sa yo, ikonpri pwodiksyon kouch ki rezistan ak mwazisi ak luil sou fabrik ak lòt materyèl tankou eliminasyon pwodui pou konbat dife ki gen pwodui sa yo ladan yo.
Asid pèfliyowoegzàn silfonik (PFHxS)	08/23	N	0.001	0.001	P/A	Pwodui chimik moun fabrike; yo itilize nan pwodui pou fè yo reziste ak tach, grès, chalè ak dlo.

Sibstans ki Ta Ka nan Dlo

Pou asire ke dlo tiyo an san danje pou bwè, EPA preskri règleman, ki limite kantite sèten kontaminan nan dlo sistèm dlo piblik yo founi. Règleman Administrasyon Alimantè ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) yo etabli limit pou kontaminan nan dlo nan boutèy, ki dwe bay menm pwoteksyon pou sante piblik la.

Dlo pou bwè, ki gen ladan dlo nan boutèy, ta dwe gen omwen ti kantite nan kèk kontaminan. Prezans kontaminan pa nesèsman endike ke dlo a reprezante yon risk pou sante. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kontaminan ak efè potansyèl sou sante lè w rele Liy Dirèk Dlo Potab EPA a nan 1-800-426-4791

Gen kèk moun ki ka pi vilnerab a kontaminan nan dlo pou bwè pase popilasyon jeneral la. Moun ki gen sistèm iminitè fèb tankou moun ki gen kansè k ap sibi chimyoterapi, moun ki te sibi grèf ògàn, moun ki gen VIH/SIDA oswa lòt maladi sistèm iminitè yo, kèk granmoun aje, ak ti bebe yo ka gen plis risk pou yo pran enfeksyon. Moun sa yo ta dwe chèche konsèy sou dlo potab nan men founisè swen sante yo. Direktiv U.S. EPA/CDC (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) sou mwayen apwopriye pou redui risk enfeksyon nan atravè kriptosporidyòm ak lòt kontaminan mikwòb disponib nan Liy Dirèk Dlo Potab San Danje a nan (800) 426-4791 oswa <http://water.epa.gov/drink/hotline>.

PA FLÒCH medikaman ou pa itilize/pa vle yo nan twalèt oswa nan drenaj lavabo yo. Pou plis enfòmasyon, klike sou <https://www.epa.gov/household-medication-disposal>.

Kòm Konklizyon

Ekip Immokalee Distri Dlo ak Egou a te travay di pou devlope ak enpleman Vizyon, Valè Debaz, ak Akò Kominikasyon/Konpòtman nou. Sou baz fondasyon sa a, yo te elabore yon plan estratejik pou enkli sis (6) objektif estratejik: *devlopman enfrastrikti, devlopman anplwaye, devlopman angajman kominotè, devlopman amelyorasyon pwosesis, plan amelyorasyon kapital ak sistèm natirèl yo*. Ou ka jwenn aksè ak plan an nan: www.immokaleewatersewer.com/about-us/strategic-plan.



**IMMOKALEE
WATER & SEWER
DISTRICT**

DEKLARASYON VIZYON "Ekselans nan Kalite ak Sèvis"

VALÈ DEBAZ

Travay an ekip • Inisyativ • Responsabilite
Rijidite • Lwayote • Angajman • Entegrite

AKÒ SOU KOMINIKASYON / KONPÒTMAN

Nou dakò pou nou:

- Kenbe diyite, respè ak konfidansyalite.
- Rete otimis, lespri ouvè, inovatè ak fleksib.
- Fè lwanj ak rekonèt reyisit nan fason ki vrè ak senp.
- Kenbe imè ki sen anvi ak kenbe yon anviwònman pwofesyonèl.
- Defini wòl ak responsabilite plizyè pòs yo epi travay ladan yo.
- Realize reyinyon anplwaye ki pwograme regilyèman.
- Rete devwe pou ekselans nan pèfòmans nou, ranpli responsabilite nou epi "fè sa".
- Rete solidè youn ak lòt nan travay epi sipòte youn lòt.
- Bay tout atansyon ak moun n ap kominike avèk li a.
- Aprann/Anseye – si nou pa konnen li, aprann li; si nou konnen li, anseye li.
- Eki libe kominikasyon ekri avèk kominikasyon fas a fas.
- Founi sèvis kliyan ki ekselan youn ak lòt epi ak sila yo n ap sèvi deyò departman an.

**N AP EDE LAVI W
KOULE TANKOU DLO**

ETABLI NAN 1978

1020 Sanitation Road | Immokalee, FL 34142 | 239-658-3630 | www.immokaleewatersewer.com